

LÒT RESOUS

- ▶ Pifò sèvis Vil la disponib pou tout moun ki abite nan Vil Nouyòk, kèlkeswa sityasyon imigrasyon w. Rele 311 oswa ale nan www1.nyc.gov/immigrants pou enfòmasyon ki sòti nan Biwo majistra a sou zafè imigrasyon.
- ▶ **ActionNYC** se you pwogram ki ofri èd legal imigrasyon gratis, ki sòti nan òganizasyon kominotè moun fè konfyans nan lang ou pale a.
 - Pou pran yon randevou, rele nan (800) 354-0365 ant 9 a.m. ak 6 p.m., Lendi rive Vandredi, oswa rele 311 epi di "ActionNYC." Jwenn plis enfòmasyon nan: www1.nyc.gov/site/actionnyc/index.page.
- ▶ Si w santi w enkyete, estrese, oswa deprime, gen èd ki disponib. Ou pa poukont ou. **ThriveNYC** ap ba w aksè nan sèvis sipò mantal nan lang ou pale a.
 - Rele (888) NYC-WELL oswa tèks "WELL" nan 65173. Jwenn plis enfòmasyon nan: nycwell.cityofnewyork.us.



Pwoteksyon pou fanmi imigran

Kèlkeswa sityasyon imigrasyon w, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (DOE) pran angajman pou pwoteje dwa tout elèv nou yo ak fanmi yo.

T&I-29742 Immigration Families (Haitian Creole)
(June 2019)

KONNEN DWA OU

KONFIDANSYALITE: DOE pa poze kesyon sou oswa suiv sityasyon imigrasyon yon elèv ni sityasyon imigrasyon manm fanmi l Estaf nou yo p ap kenbe okenn dokiman ou ka prezante yo ki gen rapò avèk sityasyon imigrasyon. Amwenske Lalwa mande sa absoliman, Estaf DOE p ap pataje enfòmasyon yon elèv.

AKSÈ NAN LANG: Pou ede w gen enfòmasyon enpòtan ak kominike avèk lekòl pitit ou a, DOE bay sèvis tradiksyon **gratis** nan lang panyòl, chinwa, bengali, arab, ris, oudou, kreyòl ayisyen, fransè, ak koreyen, ansanm avèk tou entèpretasyon nan plis pase 200 lang.

Pou plis enfòmasyon, ale nan: www.schools.nyc.gov/school-life/support/in-your-language

LEKÒL AN SEKIRITE: Pou kenbe yon anviwònman ansekirite pou tout elèv, nou entèdi pou ajan ranfòsman lalwa ki pa ajan lokal, pami yo pèsonèl ranfòsman imigrasyon ak ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE), pou antre nan lekòl DOE, eksepte lè lalwa egzije sa, epi sèlman apre lekòl la fin pale avèk avoka DOE.

Kisa k ap pase si yon ofisyè ICE parèt nan yon lekòl?

- Ajan sekirite lekòl la ap rele direktè lekòl la, k ap vin rankontre avèk ofisyè a nan biwo sekirite a. Direktè lekòl la ap di ofisyè a li dwe rete tann deyò bilding lekòl lan pandan direktè a ap pale avèk avoka DOE yo.
- Direktè lekòl la ap pale avèk avoka DOE epi fè paran oswa responsab elèv an kesyon an konnen. Ofisyè ICE pap gen otorizasyon pou antre sofsi yo gen yon manda lajistis valid oswa si kèk tip sityasyon ijans rive ki mande yon aksyon ijans.

Pou plis enfòmasyon, ale nan:

schools.nyc.gov/SupportingAllStudents

PWOTEJE FANMI W

METE ENFÒMASYON YO AJOU: Bay enfòmasyon ki nan kat ijans nan lekòl pitit ou a ajou pou mete non ak nimewo telefòn adilt (paegzanp: manm fanmi, zanmi, moun k ap gade timoun, vwazen oswa lòt paran lekòl) ki ka pase chèche pitit ou a si w pa la. Sa gen ladan nenpòt pwogram pre-K, gadri oswa pwogram apre lekòl pitit ou a ye.

Paran ak responsab timoun ka aplike pou fè tribinal nonmen yon **paran/responsab ranplasan** nan ka ICE mete moun k ap pran swen timoun lan nan prizon oswa depòte l. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 epi di "ActionNYC" pou yo ka fè w jwenn èd legal imigrasyon gratis ak ansekirite.

RESPÈ POU TOUT MOUN:

Okenn timoun pa sipoze santi yo andanje lè yo lekòl, se pou sa DOE pran angajman pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ansekirite ki bay sipò, ki pa gen arasman, entimidasyon, agresyon, ni diskriminasyon. Si pitit ou a fè w konnen li santi y ap agrese l oswa arase l, tanpri rapòte sa imedyatman bay estaf lekòl la. Pou plis enfòmasyon sou diferan fason ou ka rapòte agresyon, ale sou: schools.nyc.gov/RespectforAll.

Èske mwen ka vizite lekòl pitit mwen an si m pa gen papyè?

Wi. Pou vizite yon lekòl, ou bezwen genyen yon pyès idantifikasyon ofisyèl ki gen foto. DOE aksepte IDNYC, ki se kat idantite minisipal yo bay tout moun ki abite nan Vil Nouyòk. IDNYC pa mande enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon. Ou ka anrejistre pou yon kat IDNYC nan: www.nyc.gov/IDNYC.